

Avantaj Sosyal ki Efikas:

- Bay anplwaye a mwayen
- Ogmante amoupwòp ak konfyans
- Fè anplwaye a pa konte sou moun pou ba l kòb
- Ogmante plis finansman pou aktivite sosyal yo
- Ogmante lajan ki sou kont epay
- Ogmante esperyans pwofesyonèl anplwaye a

Kat Rejyonal APD



Sipò nan Travay

ENVESTI NAN AVNI OU



Ajans pou Moun Andikape
1-866-APD-CARES (1-866-273-2273)
(850) 488-4257
apdcares.org

Se Avni Ou

Kijan Sipò Nan Travay Kapab Ede?

Sipò Nan Travay ede anplwaye potansyèl oswa anplwaye kounye ki gen gwo andikap yo jwen epi kenbe yon travay. Li bay sipò san rete ak gwo sèvis pou ede moun lan fè travay li. Sipò san rete a gen ladan l akonpayman pou jwenn travay, mete travayè a nan travay ki bon pou li a, ède l nan fòmasyon pwofèsyonèl ak suivi regilye. Dabò, yo bay fòmasyon nan travay ak sipò san rete yon fason entansif. Ansuit, yo bese yo tank moun lan ap vin estab nan travay la.

Depi w gen bon resous yo, w ap kapab jwenn epi kenbe yon travay

Aprann nouvo konpetans yo pou w kapab genyen konfyans grasa sipò nan travay la



Yo souvan peye pou Sipò nan Travay la grasa de (2) pwogram Eta yo: Reyabilitasyon Pwofèsyonèl peye pou premye travay yo bay la ak fòmasyon nan travay la, epi Ajans pou Moun Andikape (Agency for Persons with Disabilities, APD) peye pou sipò san rete pandan moun lan ap travay.

- Yo konsidere tout moun kalifye epi kapab travay kèlkeswa andikap li genyen an.
- Moun lan pran desizyon li konsènan ki kalite travay li vle pou l kapab atenn objektif pwofèsyonèl li.
- Travay la se yon travay ki konpetitif nan yon anviwònman ki entegre pou moun ki andikape yo pa t toujou jwenn travay ki konpetitif pou yo.
- Se menm salè pou tout travayè k ap fè travay la kèlkeswa andikap yo genyen an.